

# PLAN SALI A



## KISA PLAN SALI A YE?

Plan Sali a\* se plan Bondye pou bonè pitit li yo. Li santré sou Ekspiyasyon Jezikri a. Si ou swiv ansèyman Jezikri yo, w ap jwenn lapè enteryè dirab nan lavi sa a ak lajwa etènèl apre lanmò.

Pandan w ap aprann plis sou Plan Sali a, w ap jwenn repons pou kesyon sa yo: “Ki kote m soti?” “Ki bi mwen nan lavi?” “Ki kote mwen prale apre lavi sa a?”

## KI KOTE M SOTI?

Lavi ou pa t kòmanse nan nesans ou, ni li pa pral fini nan lanmò ou. Ou fêt avèk yon kò **lespri** (pafwa ki rele nanm) ak yon kò fizik. Papa nou ki nan Syèl la te kreye lespri ou, epi ou te viv

avèk li antanke yon espri anvan ou te vin fêt sou tè a. Ou te konnen li epi ou te renmen li, epi li te konnen ou epi li te renmen ou. Peryòd sa a rele lavi pre terès.

*“**P**lan [redanmsyon]  
...ki te prepare depi nan  
fondasyon mond la,  
atravè Kris la, pou tout  
moun ki kwè nan non l.”*

**Alma 22:13**

Pandan tout lavi pre terès ou, yo te anseye ou prensip ak kòmandman ki t ap pote bonè. Ou te grandi nan entelijans epi ou te aprann renmen laverite. Yo te anseye ou sou Plan Sali a. Pandan lavi pre terès sa a, Jezikri te chwazi antanke Sovè a; ou te aprann ke atravè Li menm ou t ap kapab simonte efè move chwa w yo.

\*Definisyón mo an wouj yo nan paj 18 ak 19

*Fanmi se eleman santral plan Papa nou ki nan Syèl la.*





Yon pati enpòtan nan plan Bondye a sete pou ou te vin sou tè a pou resevwa yon kò fizik epi pou w aprann fè chwa kòrèk.

Ou pa t ap sonje lè w t ap viv nan prezans Papa nou ki nan Syèl la, men li t ap ba ou kapasite pou konnen byen ak mal.

Ou t ap kapab rekonèt amou li ak laverite. Atravè eksperyans ak eprèv, ou te ka aprann chwazi bon bagay tout tan. Avèk èd Jezikri, ou t ap kapab retounen viv avèk Papa nou ki nan Syèl la lè lavi ou sou tè a te fini.

Nan lavi pre terès ou, ou te aprann ke se sèlman nan chwazi swiv plan Bondye a ou t ap kapab resevwa lapè dirab ak satisfaksyon nan lavi sa a epi pou letènité. Paske li renmen ou, Papa nou ki nan Syèl la te ba ou **libabit**, oubyen pouvwa pou fè chwa. Li te kite ou chwazi si ou t ap swiv plan li a ak Senyè Jezikri.

Satan, youn nan ptit lespri Bondye yo, te rebele kont Papa nou ki nan Syèl la epi li pa t aksepte plan li a. Li te vle fôse nou tout fè volonte li. Malerezman, anpil nan ptit Papa nou ki Syèl la yo te chwazi swiv Satan. Satan ak disip li yo te chase soti nan prezans Bondye epi yo pa t pèmèt yo fêt sou tè a. Yo kontinye egziste antanke espri. Yo mizerab, epi yo vle ou mizerab. Yo tante ou menm ak tout ptit Bondye yo pou fè bagay ki pap pote bonè epi ki pa fè Bondye plezi.

*Menmsi souvni ou sou sa efase, anvan ou te vin sou tè sa a ou te viv nan prezans Bondye, Papa Etènèl ou, ak Ptit Gason l lan, Jezikri. Ou te pouse kri lajwa lè yo te ba ou privilèj pou vin sou tè sa a pou resevwa yon kò epi swiv plan Bondye a pou bonè w la.*

\*Definisyon mo an wouj yo nan paj 18 ak 19

*Nou gen anpil pou n aprann epi fè ekperyans pandan lavi sa a.*

Nan lavi pre terès la, ou te chwazi gen lafwa nan Jezikri epi swiv plan Bondye. Gras avèk chwa w yo, ou te fêt sou tè a. Se sèlman nan fè menm chwa sa yo ke w ap jwenn lapè nan lavi sa a epi w ap kapab retounen viv avèk Papa nou ki nan Syèl la apre lavi sa a fini.

## KI BI MWEN NAN LAVI?

### Kreyasyon an ak Chit la

Tè a te kreye kòm yon kote pou pitit Bondye yo viv epi akeri eksperyans. Adan ak Èv sete premye nan pitit Bondye yo ki te vin sou tè a. Yo te viv nan yon kote ki rele Jaden Eden, kote yo te toujou nan prezans Bondye.

Papa nou ki nan Syèl la te bay Adan ak Èv libabit, oubyen libète pou chwazi. Li te kòmande yo pou yo pat manje fwi pyebwa konesans byen ak mal la. Obeyi kòmandman sa a te vle di yo te ka rete nan jaden an, men yo pa t ap kapab pwogrese nan aprann pa eksperyans ak difikilte. Satan te tante Adan ak Èv pou yo manje fwi defandi a, epi yo te chwazi fè sa. Sa te fè pati plan Bondye a. Akoz desizyon yo a, yo te separe soti nan prezans Bondye fizikman ak espirityèlman. Yo te vin mòtèl, ki se, sjè anba lanmò. Yo pa t ka retounen al jwenn ni san èd li. Separasyon fizik ak espirityèl yo avèk Bondye a rele **Chit la**.

Papa nou ki nan Syèl la te voye zanj ak Sentespri a pou anseye Adan ak Èv Plan Sali a. Santral plan sa a se Ekspyasyon Jezikri a, ki pèmèt pitit Bondye yo simonte efè Chit la epi gen lajwa nan lavi sa a ak nan letènité.

\*Definisyon mo an wouj yo nan paj 18 ak 19

**“S**i Adan pa t transgrese li  
pa t ap tonbe, men li t ap rete  
nan Jaden Eden nan...

“Epi [Adan ak Èv] pa t ap gen  
pitit; konsa yo tap rete nan yon  
kondisyon inosans, yo pa tap gen jwa,  
paske yo pat konnen mizè, yo pa tap  
fè byen, paske yo pat konnen peche.

“Men, reyèlman, tout bagay te fêt nan  
sajès moun ki konnen tout bagay la.

“Adan te tonbe pou lèzòm te kapab fêt;  
epi lèzòm te fêt pou yo kapab gen jwa.”

**2 Nefi 2:22–25**



## Lavi ou sou tè a

Akoz Chit la, ou separe avèk Bondye fizikman ak espirityèlman. Separasyon sa a fè pati plan Bondye pou pitit li yo. Bi ki fè ou kite prezans li pou vin sou tè a gen ladan pran yon kò, akeri eksperyans, epi aprann fè bon chwa.

Anpil aspè lavi pote bonè, epi genyen ki pote lapenn. Eksperyans sa yo ap ede ou aprann distenge ant byen ak mal epi fè chwa ki kòrèk. Bondye enfliyanse ou pou fè byen epi pou swiv li, pandan ke Satan tante ou pou w inyore Bondye epi komèt peche. (Peche se volontèman chwazi pou fè move bagay oubyen pa fè bon bagay.) Lè ou chwazi swiv Bondye epi kenbe kòmandman l yo, ou grandi nan sajès ak fòs karaktè. Ou ka konnen lajwa menm nan mitan eprèv, epi ou ka afwonté pwoblèm lavi yo avèk yon espri lapè.

Ou fè anpil bon chwa nan lavi ou, men ou fè anpil move chwa tou. Lè ou fè move chwa epi komèt peche, ou separe tèt ou avèk Bondye. Ekriti yo rele separasyon sa a lanmò espirityèl. Anplis separe ou avèk Bondye, peche lakoz kilpablite ak lawont tou. Ou pa ka simonte peche ak efè li poukont ou.

*M se pitit Bondye,  
Li te voye m isit  
Li ban mwen lojman  
sou tè a,  
Avèk bon paran m yo.  
Kondi m, gide m, kenbe  
men mwen,  
Ede m jwenn wout la  
Aprann mwen tout sa m  
dwe fe  
Pou m viv avè l yon jou.*

**Cantiques, no.193**

\*Definisyon mo an wouj yo nan paj 18 ak 19

*Nou dwe byen konsidere chwa nou yo.*

## Ekspyasyon Jezikri a

Paske Papa nou ki nan Syèl la renmen ou, li te voye Pitit Gason li a, Jezikri, pou peye pou peche w yo. Peman sa a se yon pati nan Ekspyasyon Jezikri a. Jezikri te soufri volontèman

*“Paske Bondye si tèlman renmen mond lan ke li bay sèl Pitit Gason Literal li a, poutèt pou tout moun ki kwè nan li pa peri men pou yo ka gen lavi etènèl.”*

**Jan 3:16**

pou peche ou, lapenn ou, maladi ou, ak doulè ou. Atravè **gras** li ak mizèrikòd li, li ka ede ou nan eprèv ou yo epi soulaje ou anba kilpabilite ak la-wont ki se rezulta peche w yo.

Lè 1 te peye pou peche w yo, Jezi pa t elimine libabit ou oswa responsablite pèsonèl ou—Li pap rann ou pwòp kont volonté ou. Pou w resevwa èd li

ak fòs li, ou bezwen egzèse lafwa nan li, repanti, batize, resevwa Sentespri a, epi chwazi swiv ansèyman l yo pou rès lavi ou. Si ou repoze sou Ekspyasyon an, w ap santi amou Bondye, epi l ap ede ou andire eprèv ou yo. W ap vin jwenn lajwa, lapè, ak rekondò. Tout sa ki sanble yo pa jis nan lavi ka vin jis atravè Ekspyasyon Jezikri a ak mizèrikòd li ak lanmou Papa nou ki nan Syèl la. Ekspyasyon an se pwen santral Plan Sali a.

## KI KOTE MWEN PRALE APRE LAVI SA A?

Nan yon pèspektiv terès, **lanmò fizik** ka parèt tankou yon fen, men li se reyèlman yon kòmansman, yon etap nan plan Papa nou ki nan Syèl la. Nan lanmò, espri ou ap kite kò ou epi ale nan **mond lespri** a, ki se yon kote pou aprantisaj ak preparasyon. Nan mond lespri a, souvni ou sou lavi sa a ap rete avèk ou.

\*Definisyon mo an wouj yo nan paj 18 ak 19

**Sovè a te soufri pou peche nou yo nan Jaden Jetsemene a.**



*Lè ou mouri espri ou kite  
kò ou epi li ale nan mond  
lespri a, yon plas prepara-  
syon, aprann, ak repo soti  
nan pwoblèm ak traka.*

Lanmò pap chanje pèsonalite ou ni dezi ou pou fè byen oswa mal. Si ou chwazi swiv Kris pandan lavi ou sou tè a, w ap gen lapè nan mond lespri a epi w ap repoze soti nan tout sousi. Moun ki pa chwazi swiv Jezikri yo epi ki pa repanti yo ap malere.

Papa nou ki nan Syèl la te konnen ke anpil nan pitit li yo pa t ap janm jwenn yon opòtinite pou aprann osijè Jezikri pandan lavi yo epi gen lòt ki t ap chwazi pa swiv li. Paske li renmen pitit li yo, Bondye founi yon mwayen pou moun ki nan mond lespri a aprann osijè plan li, gen lafwa nan Jezikri, epi repanti. Moun ki aksepte Jezikri epi ki swiv li ap gen lapè ak repo.

### **Rezirèksyon ak Jijman**

Youn nan gwo kado Bondye bay tout moun ki vini sou tè a se rezirèksyon, ki rann posib gras ak Ekspyasyon Jezikri a. Lè Jezi te mouri sou kwa a, espri li te ale nan mond lespri a. Twa jou apre, espri li te reyini avèk kò pafè gloriye li ki pa t ka mouri ankò. Reyinyon kò ak espri sa a rele rezirèksyon. Tout moun ki fêt sou tè a ap resisite.

Apre ou resisite, wa prale devan Bondye pou w jije selon zèv ou ak dezi kè w yo.

\*Definisyon mo an wouj yo nan paj 18 ak 19

*Sovè resisite a te parèt devan Mari*



## Degre glwa yo

Apre nou fin jije, n apral viv nan yon eta glwa. Paske zèv ak dezi chak moun varye, syèl la gen diferan wayòm, oswa degre glwa.

**Wayòm selès.** Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri abite nan wayòm selès la. Si ou viv selon levanjil Jezikri a epi si ou pwòpte ou soti nan peche pa Ekspyasyon an, w ap resevwa yon plas nan wayòm sa a, wayòm ki pi wo a. Ou pral viv nan prezans Bondye epi w apral gen lajwa total.

**Wayòm terès.** Moun ki refize aksepte levanjil Jezikri a men ki viv lavi ki onorab yo ap resevwa yon plas nan wayòm terès la.

**Wayòm telès.** Moun ki kontinye nan peche yo epi ki pa repanti yo ap resevwa yon plas nan wayòm telès la.

## Ekspyasyon Jezikri a rann Sali posib.

### Lavi pre terès

Kreyasyon  
ak Chit

### Lavi terès

Lafwa nan Jezikri  
Repantans  
Batèm  
Don Sentespri a  
Pèsevere jiskalafen

Lanmò  
fizik

## KISA PLAN AN VLE DI POU MWEN?

Lè ou konprann ke Bondye se Papa ou, ke li renmen ou, epi li rann posib pou ou akeri eksperyans ak konesans isit la epi vin menmjan avèk li apre lavi sa a, w ap konnen enpòtans desizyon w yo pandan lavi ou. W ap konprann ke ou dwe swiv Jezikri pou w ka resevwa tout benediksyon yo nan men Papa nou ki nan Syèl la.

**Mond Lespri**

---

**Selès**

---

**Terès**

---

**Telès**

Rezirèksyon  
ak Jijman

## KIJAN M KA KONNEN?

Gras avèk Retablisman levanjil Jezikri a atravè Pwofèt Joseph Smith, vin gen yon pi gwo konesans sou plan Sali a.

Ou ka konnen pou tèt pa ou si bagay sa yo se vre si ou mande Papa nou ki nan Syèl la nan lapriyè. L ap reponn ou atravè Sentespri a. Sentespri a rele Lespri Bondye tou, epi youn nan wòl li yo se rann temwayaj, oswa temwaye, konsènan laverite.

Sentespri a revele epi konfime verite atravè santiman, panse, ak enpresyon. Santiman ki soti nan Sentespri a puisan, men yo abityèlman dou epi frankil tou. Jan yo anseye nan Bib la, “Fwi Lespri se lanmou, lajwa, lapè, pasyans, jantiyès, bonte, lafwa, dousè, [ak] tanperans” (Galat 5:22—23). Santiman sa yo se yon konfirmasyon nan men Sentespri a ke mesaj sa a vre. Lè sa a w ap bezwen chwazi si ou pral viv ann amoni avèk ansèyman Jezikri yo jan yo retabli atravè Joseph Smith la.

### ***Kijan pou m priye?***

- *Adrese ou avèk Papa nou ki nan Syèl la.*
- *Di li santiman ki nan kè ou (gratitud, kesyon, demann pou konfime verasite Liv Mòmon an ak sa misyonè yo anseye yo).*
- *Fini (“Nan non Jezikri, amèn”).*



## LIS TÈM YO

**Chit la** Evenman kote limanite te vin mòtèl. Li pote kòm rezulta yon separasyon fizik ak espirityèl avèk Bondye. Paske Adan ak Èv, premye moun yo, te dezobeyi kòmandman Bondye yo, yo te separe soti nan prezans li (separasyon sa a rele lanmò espirityèl tou) epi yo te vin mòtèl (tonbe anba lanmò fizik). Antanke desandan Adan ak Èv, nou separe avèk Bondye tou epi nou tonbe anba lanmò fizik tou. Ekspyasyon Jezikri a simonte ni lanmò fizik ni lanmò espirityèl.

**Ekspyasyon (Sakrifis Ekspyatwa)** Evenman ki pèmèt nou rekonsilye avèk Bondye. Ekspye se sibi pinisyon pou peche, epi konsa, retire efè peche yo pou pechè repantan yo. Jezikri sete sèl moun ki te kapab fè yon Ekspyasyon pafè pou tout limanite. Ekspyasyon li a gen ladan soufrans li pou peche nou yo, vèsman san li, ak lanmò li ak Rezirèksyon li. Gras avèk Ekspyasyon an, tout moun ki te viv ap resisite. Ekspyasyon an banou yon mwayen pou nou jwenn padon pou peche nou yo tou epi pou nou viv pou tout tan avèk Bondye.

**Espri** Pati yon moun ki te viv avèk Papa nou ki nan Syèl la anvan nesans. Pandan lavi sou tè a, espri a ini avèk yon kò fizik. Espri a kontinye viv apre lanmò.

**Gras** Èd ak fôs divin yo bay atravè mizèrikòd ak lanmou Jezikri. Atravè gras li, ki rann posib pa Ekspyasyon l la, tout limanite ap resisite. Atravè gras li, moun ki toujou ap repanti yo epi ki toujou ap viv ann akò avèk levanjil li a ap santi yon sere kole avèk Papa nou ki nan Syèl la nan lavi sa a epi yo pral viv nan prezans li apre lavi sa a.

**Lanmò espirityèl** Separasyon avèk Bondye kòm rezulta dezobeyi kòmandman l yo. Nou sove anba lanmò espirityèl atravè Ekspyasyon Jezikri a si nou repanti epi kenbe kòmandman l yo.

**Lanmò fizik** Separasyon espri a ak kò mòtèl la. Lè kò fizik la mouri, espri a kontinye viv nan mond lespri a. Nou simonte lanmò fizik atra-vè Rezirèksyon, ki te rann posib pa Ekspyasyon Jezikri a.

**Lavi pre terès** Lavi nou anvan nou te fèt sou tè a. Nan lavi pre terès la, nou te viv nan prezans Papa nou ki nan Syèl la antanke ptit lespri li. Nou pa t gen kò fizik.

**Libabit** Don Bondye bay pou chwazi ant byen ak mal, ant sa ki bon ak sa ki pa bon.

**Mond lespri** Kote espri nou ale ant lanmò ak rezirèksyon. Pou moun ki te jis pandan lavi yo, mond lespri a se yon plas lapè ak lajwa.

**Òdonans** Yon ak sakre ofisyèl ki akonpli pa otorite Prètriz la. Egzanp yo gen ladan batèm, resevwa Sentespri a, ak Sentsèn. Òdonans yo souvan se yon mwayen pou antre nan alyans avèk Bondye.

**Plan Sali** Plan Papa nou ki nan Syèl la pou pèmèt nou vin menmjan avèk li epi resevwa yon plenitid lajwa. Plan sa a santre sou Ekspyasyon Jezikri a epi li gen ladan tout kòmandman, òdonans, ak ansèyman levanjil yo.

**Rezirèksyon** Apre lanmò fizik, reyinyon espri a avèk kò fizik chè ak zo pafè a. Jezikri sete premye moun ki te resisite. Apre rezirèksyon, espri a ak kò a pap janm separe ankò, epi moun ap viv pou tout tan. Tout moun ki te viv ap resisite gras avèk Ekspyasyon an.

**Sali** Delivrans soti anba peche ak lanmò. Sali posib gras ak Ekspyasyon Jezikri a. Atravè Rezirèksyon Jezikri a, tout moun ap simonte efe lanmò. Nou ka sove anba efe peche tou atravè lafwa nan Jezikri. Lafwa sa a manifeste nan yon lavi repantans ak obeyisans anvè lwa ak òdonans levanjil yo epi nan sèvis Kris.

## ETID ADISYONÈL

Kesyon ak ekriti ki swiv yo ap ede ou aprann plis sou prensip ki nan bwochi sa a epi medite sou yo. Lis la pa detaye; nòt referans yo ak referans kwaze yo nan ekriti yo ap dirije ou pou w jwenn pasaj ak dokimantasyon adisyonèl.

**Kijan relasyon ou avèk Bondye te ye anvan ou te fèt?**

Jeremi 1:5 (Bib, Ansyen Testaman)

Ebre 12:9 (Bib, Nouvo Testaman)

---

---

---

**Kisa Chit la ye? Poukisa li te nesesè?**

2 Nefi 2:14–26 (Liv Mòmon, paj 52)

Alma 42:2–9 (Liv Mòmon, paj 285–86)

---

---

---

**Ki bi lavi ou isit la? Kijan konesans sa a ka afekte desizyon w ap pran chak jou?**

2 Nefi 2:25–27 (Liv Mòmon, paj 52–53)

Alma 34:32 (Liv Mòmon, paj 270)

---

---

---

**Kisa Ekspyasyon an ye? Kijan li ka ede ou nan lavi ou chak jou?**

Jan 3:16–17 (Bib, Nouvo Testaman)

Women 3:23–25 (Bib, Nouvo testaman)

2 Nefi 2:6–8 (Liv Mòmon, paj 51)

Alma 7:11–12 (Liv Mòmon, paj 203)

Alma 42:22–23 (Liv Mòmon, paj 286–87)

---

---

---

**Kisa mond lespri a ye? Kisa k rive kote sa a?**

1 Pyè 4:6 (Bib, Nouvo Testaman)

Alma 40:11–14 (Liv Mòmon, paj 282)

---

---

---

**Kisa sa vle di pou yon moun resisite? Kimoun k ap resisite?**

**Poukisa rezirèksyon enpòtan?**

2 Nefi 9:13–15 (Liv Mòmon, paj 65)

Alma 11:42–45 (Liv Mòmon, paj 214)

---

---

---

**Kisa syèl ye? Poukisa gen plizyè degre glwa?**

1 Korentyen 15:40–43 (Bib, Nouvo Testaman)

---

---

---

## ADORE AVÈK NOU

VINI EPI GADE KIJAN LEVANJIL RETABLI  
A KA BENI LAVI OU



Reyinyon Sentsèn nan se sèvis adorasyon prensipal la. Abityèlman li dire yon ti kras plis pase innèdtan epi li abityèlman gen bagay sa yo ladan:

*Kantik:* Chante pa kongregasyon an. (Yo bay liv chan.)

*Priyè:* Ofri pa manm legliz yo.

*Sentsèn:* Pen ak dlo beni epi distribye bay asanble a an souvni Ekspsyasyon Jezik a.

*Oratè:* Abityèlman youn oubyen de manm asamble a yo bay tach anvan sa pou pale sou sijè levanjil yo.

*Abiye:* Gason ak ti gason jeneralman abiye an kostim oubyen bèle pantaloons avèk yon chemiz ak kravat. Fi yo ak ti fi yo abiye avèk rad oswa jip ak kòsaj.

Yo pa mande don pandan sèvis adorasyon yo.

Nou envite ou pou w vini nan lòt reyinyon yo tou, selon sa k enterese ou epi selon laj ou. Lòd reyinyon sa yo ak disponiblite yo ka varye.

*Lekòldidimanch:* Klas pou etidey ekriti yo ak doktrin levanjil yo.

*Reyinyon Prètriz:* Klas pou gason ak ti gason nan laj 12 zan ak pi gran.

*Sosyete Sekou:* Klas pou fi apati laj 18 tan.

*Jènfi:* Klas pou ti fi nan laj 12 rive 18 tan.

*Primè:* Gwooup sèvis ak klas pou timoun nan laj 3 zan rive 11 zan. Yon gadri pou timoun nan laj 18 mwa rive 3 zan souvan disponib.



Lè Reyinyon Sentsèn nan: \_\_\_\_\_

Adrès chapèl la: \_\_\_\_\_

# Kisa pou m fè?

- Li Liv Mòmon an.

Lekti ki sigjere: \_\_\_\_\_

---


---

---

---

---

---



- Priye pou konnen si sa misyonè yo anseye yo se verite.

- Ale legliz.

- Prepare pou batize jou: \_\_\_\_\_

- Vizite [www.mormon.org](http://www.mormon.org) pou aprann plis osijè plan Papa nou ki nan Syèl la pou pitit li yo.

- Kontinye rankontre avèk misyonè yo pou aprann plis osijè verite Bondye retabli atravè pwofèt tan modèn yo.

Pwochen randevou: \_\_\_\_\_

Non ak nimewo telefòn misyonè yo:

---

---

LEGLIZ  
JEZIKRI  
POU SEN  
DÈNYE JOU YO

[www.mormon.org](http://www.mormon.org)

Imaj

Sou do a: Detay soti nan *Li resiste*, pa Del Parson  
© Del Parson. Pa kopye

Paj 11: Detay soti nan *Kris nan Jetsemane*, pa Harry Anderson

Paj 13: *Li resiste*, pa Greg Olsen. © Greg Olsen. Pa kopye

HAITIAN

4 0201197036 3  
01197036